# 111 ХАТТАР-ЖОП

# КЕГИЙЧАРНА А, БАККХИЙЧАРНА А ХАА ДЕЗАШ ДОЛУ ХАТТАРШ-ЖОЬПАШ


Жайна кечдинарг:
Шайх Салим ибн СаIд ТIавил

Гочдинарг: Турпалан кIант Фарукъ


ИСЛАМАННУР

**Къинхетамечу а, Къинхетамбечу а АллахӀан цӀарца!**

## Дешхьалхе

Берриг хастам цхьана АллахӀана бу! АллахӀан салават а, салам а хуьлда шел тӀаьхьа кхин пайхамар хир воцчу Мухьаммадна!

**Цул тӀаьхьа…**

ХӀокху жайнахь дерш - ШарӀан хаттарш-жоьпаш ду, тайп-тайпанарчу агӀонех хьакхалуш долу: Ӏакъидатах а, Ӏибадатах а, сиратах а, гӀиллакх-гӀуллакхах а, иштта кхин долчух лаьцна а.

ХӀара жайна ас кечдира кегийчаьрга дагахь Ӏамадайтархьама а, иштта баккхийчаьрга пайда эцийтархьама а - шайн кӀентаршна а, йоьӀаршна а, мутаӀеламашна а дин хьоьхучу хенахь.

Ас хӀара жайна яздаран бахьана хӀун дара аьлча, цхьаболу берийн верасаш - дай белахь а, наной белахь а, стегарий-хьехархой белахь а, зударий-хьехархой

белахь а, цкъацкъа хьере а хуьлий хьийза, берашна догIуш долу а, берашца дийцаре дан бIегIийла долу а хаттарш хоьржуш. Цундела хIокху жайнахь долу хаттарш а, жоьпаш а лара-м кегийчарна лерина ду, амма баккхийчарна а цхьаьна хаанза ца довлуш ду.

АллахIе доьху ас хIара жайна пайде даккхар - доьшур долчунна а, дагахь Iамор долчунна а, хьехархочунна а, мутаIеламна а.

ХIара жайна яздина Шен Делера гечдаре сатуьйсуш волчу Салима ибн СаIд ТIавила.

Жайна яздина хан: ХIижрин рузманца - 20.07.1424.

**1-ра хаттар:** Хьан Дела мила ву?

**Жоп:** Сан Дела - Беркате а, Сийлахь-Веза а волу АллахI ву!

**2-гIа хаттар:** Беркате а, Сийлахь-Веза а волу АллахI мичахь ву?

**Жоп:** Сийлахь-Веза АллахI стигалахь ву.

**3-гIа хаттар:** Лайшна тIехь долу АллахIан хьакъ хIун ду?

**Жоп:** Лайшна тIехь - АллахIана Iибадатдар ду, Цуьнца цхьа а хIума накъост ца лоцуш.

**4-гIа хаттар:** Хьадисах юкъахдитина дакъа айхьа тIедешал. АллахIан Элчано (АллахIера салват, салам хуьлда цунна) аьлла: «Нагахь цхьамма алахь: **«Со реза ву АллахI - сайн Дела хиларна а...**

**Жоп: ...Ислам – сайн дин хиларна а, Мухьаммад (саллаллахIу IалайхIи ва саллам) – пайхамар хиларна а»**, - цунна, билггал, ялсамани хир ю».

[«Радúту биллахIи раббан, ва бил ислáми дúнан, ва би Мухьаммадин саллаллахIу IалайхIи ва саллама набиййá»].

**5-гIа хаттар:** Сийлахь-Везачу АллахIа вай хIунда кхоьллина ду? Цуьнан тоьшалла а хIун ду?

**Жоп:** АллахIа вай Шена цхьанна Iибадат дайта кхоьллина ду. Сийлахь-Везачу АллахIа аьлла: **«Ас адамаш а, жинаш а кхоьллина дац, Сайна Iибадат дайта бен»** («аз-Зарийат»: 56).

**6-гIа хаттар:** Вайна тIехь долу уггаре а доккха декхар хIун ду?

**Жоп:** Тавхьид ду. И бохург - Сийлахь-Везачу АллахIана дIахьажор ду Цунна хьакъ мел дерг [Iибадат].

**7-гIа хаттар:** Тавхьидан дакъош дийцал?

**Жоп:** Хьалхараниг - «Рубуби тавхьид». ШолгIаниг - «УлухIи тавхьид». КхоалгIаниг - «Тавхьидул-асмаи вас-сифат».

**8-гIа хаттар:** Тавхьидан дош хIун ду? Цуьнан маьIна а хIун ду?

**Жоп:** Тавхьидан дош – «ЛаилахIа иллаллахI» ду. Ткъа цуьнан маьIна - «Шена, хьакъ а долуш, Iибадат дан йиш йолуш АллахI бен цхьа а вац» бохург ду.

**9-гӀа хаттар:** Хьадис чекхдаллалц дӀадешал. АллахӀан Элчано (АллахӀера салват, салам хуьлда цунна) аьлла: **«Нагахь муьлххачо а тоьшалла дахь - АллахӀ воцург кхин Дела цахилар а, Мухьаммад АллахӀан элча хилар а…**

**Жоп:** **…цӀеначу даггара, АллахӀа, билггал, жоьжагӀатина хьарам вийр ву иза»**.

**10-гӀа хаттар:** Уггар а доккха къа муьлханиг ду?

**Жоп:** Сийлахь-Везачу АллахӀаца ширкдар [накъост лацар] ду.

**11-гӀа хаттар:** «Ширк» бохург хӀун ду?

**Жоп:** Сийлахь-Веза АллахӀ воцчу кхечу далла Ӏибадатдар ду, иштта Сийлахь-Везачу АллахӀаца цхьаьна кхечунна Ӏибадатдар ду.

**12-гӀа хаттар:** Хьадис чекхдаллалц дӀадешал. АллахӀан Элчано (АллахӀера салват, салам хуьлда цунна) аьлла: **«АллахӀ воцчух дуй биъначо**…

**Жоп:** **…я керстаналла дина, я ширк дина»**.

**13-гIа хаттар:** Сийлахь-Веза АллахI воцчунна, цхьанненна а къайле хаьий?

**Жоп:** **«Стигалшкахь а, лаьттахь а волчу цхьанненна а ца хаьа къайле, АллахI воцчунна»** («ан-Намл»: 65).

**14-гIа хаттар:** Сийлахь-Везачу АллахIана гергахь Iамалш къобал маца йо?

**Жоп:** Нагахь санна и Iамалш цIенна Сийлахь-Везачу АллахIан дуьхьа йина а елахь, АллахIан Элчанан (АллахIера салват, салам хуьлда цунна) Суннатца йогIуш йина а елахь, къобалйо.

**15-гIа хаттар:** «ал-Кафирун» («Керстанаш») цIе йолу сурат дешал?

**Жоп:** **Къинхетамечу а, Къинхетамбечу а АллахIан цIарца!**

1. **Ала** [хIай, Пайхамар]**: «ХIай, керстанаш!**
2. **Ас Iибадат ца до - аш Iибадатдечарна,**
3. **аш а ца до Iибадат - ас Iибадатдечунна.**
4. **Ас дийр а дац Iибадат - аш Iибадатдечарна,**
5. **аш а дийр дац Iибадат - ас Iибадатдечунна.**
6. **Шуна - шайн дин ду, суна а ду - сайн дин».**

* [Iаьрбийн маттахь деша деза]

**16-гIа хаттар:** Хьан Пайхамар мила ву?

**Жоп:** АллахIан элча – Мухьаммад (АллахIера салват, салам хуьлда цунна) ву.

**17-гIа хаттар:** «Мухьаммад – АллахIан элча ву» бохучуьнан маьIна хIун ду?

**Жоп:** Цуьнан маьIна - Сийлахь-Везачу АллахIа иза ваийтина ву бохург ду массо а нахе: нийсачу новкъа нисвеллачунна диканца кхаъ боккхуш а, нийсачу некъах тиллачунна Iазап хирг хилар дIахоуьйтуш а.

**18-гIа хаттар:** Вайн Пайхамаран (АллахIера салват, салам хуьлда цунна) цIе а, цуьнан ден цIе а, цуьнан денден цIе а хIун хилла?

**Жоп:** Мухьаммад ибн IабдуллахI ибн Iабдул-МуттIалиб [Мухьаммад – вайн Пайхамаран (АллахIера салват, салам хуьлда цунна) цIе ю, IабдуллахI – цуьнан ден цIе ю, Iабдул-МуттIалиб – цуьнан денден цIе ю].

**19-гӏа хаттар:** Массо а нахал хьуна дукхавеза везаш верг мила ву?

**Жоп:** АллахӀан Элча (АллахӀера салват, салам хуьлда цунна) ву.

**20-гӏа хаттар:** Пайхамар (АллахӀера салват, салам хуьлда цунна) дуьненчу маца ваьлла? Муьлхачу махкахь а ваьлла?

**Жоп:** «Пийл» олучу шарахь, Маккахь дуьненчу ваьлла иза.

**21-гӏа хаттар:** Пайхамаран (АллахӀера салват, салам хуьлда цунна) маса шо хилла, Сийлахь-Везачу АллахӀа иза, Пайхамар а вина, ваийтинчу хенахь?

**Жоп:** 40 шо хилла.

**22-гӏа хаттар:** Пайхамар (АллахӀера салват, салам хуьлда цунна) Маккахь маса шарахь ваьхна, пайхамаралла дӀакхайкхийначул тӀаьхьа, Мадинате хӀижрат дале хьалха?

**Жоп:** 13 шарахь ваьхна.

**23-гIа хаттар:** Пайхамара (АллахIера салват, салам хуьлда цунна) хIижрат мича дина?

**Жоп:** Мадинате дина.

**24-гIа хаттар:** Пайхамар (АллахIера салват, салам хуьлда цунна) маса шарахь ваьхна Мадинатехь, цига хIижрат диначул тIаьхьа?

**Жоп:** 10 шарахь ваьхна.

**25-гIа хаттар:** Шайх «муъма-нехан наной» олуш берш муьлш бу?

**Жоп:** Пайхамаран (АллахIера салват, салам хуьлда цунна) хIусамнаной бу.

**26-гIа хаттар:** Пайхамар (АллахIера салват, салам хуьлда цунна) дIа мичахь кхелхина? Маца а кхелхина? ДIакхелхачу хенахь цуьнан маса шо а хилла?

**Жоп:** Мадинатехь дIакхелхина иза, хIижрат диначул тIаьхьа итт шо даьлча. ДIакхелхачу хенахь цуьнан 63 шо хан хилла.

**27-гӀа хаттар:** Хьадис чекхдаллалц дӀадешал. АллахӀан Элчано (АллахӀера салват, салам хуьлда цунна) аьлла: **«Нагахь цхьамма суна цкъа салават диллахь…**

**Жоп:** **…АллахӀа цунна дуьхьал итт салават дуьллур ду»** (Муслим: 407).

**28-гӀа хаттар:** Хьан дин хӀун дин ду?

**Жоп:** Сан дин – Ислам ду.

**29-гӀа хаттар:** «Ислам» бохучу дешан маьӀна хӀун ду?

**Жоп:** АллахӀа аьлларг дар а, Цо аьллачунна кӀелсацар а ду: Цунна Ӏибадатдарца а, Цунна муьтӀахьхиларца а.

**30-гӀа хаттар:** Исламан арканаш маса ю?

**Жоп:** Пхиъ ю.

**31-гӀа хаттар:** Хьадис чекхдаллалц дӀадешал. АллахӀан Элчано (АллахӀера салват, салам хуьлда цунна) аьлла: **«Ислам-дин пхеа хӀуманна тӀедоьгӀна ду:…**

**Жоп:** **…АллахӀ бен кхин Дела цахиларан а, Мухьаммад АллахӀан элча хиларан а тоьшаллина; ламаздарна а;**

**закатдаккхарна а; Рамазан-беттан марханаш кхабарна а; хьаьж дан вахарна а, ша цига ваха аьтто берг».**

**32-гIа хаттар:** Ислам-динан гIортор хIун ю?

**Жоп:** Ламаз ду.

**33-гIа хаттар:** Хьадис чекхдаллалц дIадешал. АллахIан Элчано (АллахIера салват, салам хуьлда цунна) аьлла: **«Вайний, царний юкъахь йолуш йолу чIагIо – ламаз ду...**

**Жоп: ...Ламаз дитначо керстаналла дина».**

**34-гIа хаттар:** Ламазан къастам хIун бу?

**Жоп:** Ламаз – АллахIана Iибадатдар ду, билгалдаьхначу дешнашца а, меженашца дан дезаш долчуьнца а. Такбир [АллахIу Акбар] аларна тIера дIадолош а ду иза, салам даларца дIадерзош а ду иза.

**35-гIа хаттар:** Бусалба стагана тIехь маса ламаз ду дийнахь-бусий? ХIора ламазан ракаIаташ маса ду?

**Жоп:** Дийнахь-бусий 5 ламаз ду парз а дина тIедиллина хIора бусалба стагана:

- Iуьйр-ламаз, ши ракIат ду;
- делкъ-ламаз, диъ ракIат ду;
- малхбуз-ламаз, диъ ракIат ду;
- маьркIаж-ламаз, кхо ракIат ду;
- пхьуьйр-ламаз, диъ ракIат ду.

**36-гIа хаттар:** Ламазан бехкамаш хIун бу?

[Терго ян езарг: ламазан арканаш хуьлу, шурутIаш хуьлу. Арканаш – ламазна юккъехь хуьлуш ду, ткъа шурутIаш – ламаз дIадехкале кхочушдина хила деза белхаш ду].

**Жоп:**

- бусалба хилар;
- хьекъал чохь хилар;
- кхетам болуш хилар;
- ламазан хан йоьлла хилар;
- нажжаз дIаяккхар;
- ламаз эцна хилар, парз-лийчар тIерадаьккхина хилар;
- Iоврат дIахьулдина хилар;
- къилбехьа верзар;
- ламаз дIадоьхкуш нигат дар.

**37-гIа хаттар:** Ламаз эцаран арканаш муьлханаш ю?

**Жоп:**

- юьхь йилар, бага а, мерчу а хи а кхорзуш;
- шина а гоьлаца цхьаьна ши куьг дилар;
- коьртана масхьа дар, шина лергаца цхьаьна;
- хьорканашца цхаьна ши ког билар;
- меженаш йиларан рагI ларъяр;
- ламаз хаддаза эцна-даккхар.

**38-гIа хаттар:** Ламаз карара доккху бахьанаш муьлханаш ду?

**Жоп:** Ламаз карара доккху:

- шина бехкечу меттехула араяьллачо, масала: хьаткъо, боьхалло, мохо;
- наб кхетаро;
- эмкалан жижиг дааро;
- лийчар тIедожош долчу бахьанаша.

**39-гIа хаттар:** Хьадис чекхдаллалц дIадешал. АллахIан Элчано (АллахIера салват, салам хуьлда цунна) аьлла: **«Нагахь цхьамма, ламаз а эцна, алахь: «Ас тоьшалла**

**до, АллахI воцург, кхин дела цахиларца, Шеца накъост воцуш, Ша цхьаъ волу…**

**Жоп: …Ас юха а тоьшалла до, Мухьаммад Цуьнан лай а, элча а хиларца», - ялсаманин бархI неI схьайоьллур ю цунна. Царех шена луъучу неIарх чуваха йиш йолуш хир ву иза».**

[АшхIаду ан ла́ила́хIа иллаллахI вахьдахIу ла́шари́калахI ва ашхIаду анна Мухьаммадан IабдухIу ва расу́лухI].

**40-гIа хаттар:** Ламазехь дешар важиб дерг хIун ду?

**Жоп:** Ламазехь дешар важиб дерг «ал-Фатихьа» («Жайна схьадоьллург») цIе йолу сурат ду.

**41-гIа хаттар:** Ламаз деш волчо рукуIехь ала дезарг хIун ду?

**Жоп:** «Субхьа́на раббийал-Iази́м» ду.

[«ЦIена ву сан Воккха Дела»].

**42-гIа хаттар:** Ламаз деш волчо сужудехь ала дезарг хIун ду?

**Жоп:** «Субхьа́на раббийал-aIла́» ду.

[«ЦIена ву сан Лекха Дела»].

**43-гIа хаттар:** Ламаз деш волчо шина сужудана юкъахь ала дезарг хIун ду?

**Жоп:** «РаббигIфир ли́, раббигIфир ли́» ду.

[«Сан Дела! Гечдехьа суна. Сан Дела! Гечдехьа сунна»].

**44-гIа хаттар:** Аттахьиййат дешал?

**Жоп: Аттахьиййа́ту лилла́хIи, вассалава́ту ваттIаййиба́ту, ассала́му Iалайка аййухIаннабиййу ва рахьматулла́хIи ва барака́тухIу, ассала́му Iалайна́ ва Iала́ Iиба́дилла́хIиссо́лихьи́н, ашхIаду ан ла́ ила́хIа иллаллахIу ва ашхIаду анна Мухьаммадан IабдухIу ва асу́лухIу.**

[Уггаре лараме дешнаш – АллахIана хьакъ ду. Иштта ламазаш а АллахIана хьакъ ду. Беркате гIуллакхаш а АллахIана хьакъ ду. ХIай, Пайхамар! Маршо хуьлда хьуна, АллахIера къинхетам а, Цуьнан беркаташ а. АллахIера маршо хуьлда тхуна а, АллахIан дикачу лайшна а. Ас тоьшалла до, АллахI воцург, кхин Дела

цахиларца. Ас юха а тоьшалла до, Мухьаммад Цуьнан лай а, элча а хиларца].

**45-гӀа хаттар:** ИбрахӀиман салават дешал?

**Жоп: Алла́хӀумма солли Ӏала́ Мухьаммадин, ва Ӏала́ а́ли Мухьаммадин, кама́ саллайта Ӏала́ ИбрахӀима ва Ӏала а́ли ИброхӀи́ма, иннака хьами́дум-мажи́д. Алла́хӀумма ба́рик Ӏала́ Мухьаммадин, ва Ӏала́ а́ли Мухьаммадин, кама́ ба́ракта Ӏала́ ИбрахӀима ва Ӏала а́ли ИброхӀи́ма, иннака хьами́дун-мажи́д.**

[Я АллахӀ, салават дилла Ахь Мухьаммадна а, Мухьаммадан доьзална а, Айхьа ИбрахӀимна а, иштта ИбрахӀиман доьзална а салават ма-диллара. Боккъалла а, Хастамениг, Сийлахьниг ву Хьо. Беркат де Ахь Мухьаммадна а, Мухьаммадан доьзална а, ИбрахӀимна а, цуьнан доьзална а Айхьа беркат ма-дарра. Боккъалла а, Хастамениг, Сийлахьниг ву Хьо].

**46-гӀа хаттар:** Салам далале хьалха ламаз деш волчо АллахӀе ша царех ларвар деха дезаш долу диъ хӀума хӀун ду?

**Жоп:** Хlара дешнаш ала деза цо: **«Алла́хlума инни́ аlу́зу бика мин lаза́би жахlаннама, ва мин lаза́бил-къабри, ва мин фитнатил-махьйа́ вал-мама́ти, ва мин фитнатил-маси́хьид-дажжа́ли».**

[Я Аллахl, жоьжагlатин lазапах ларве Ахь со, иштта кошан lазапах а ларве Ахь со. Дахаран а, lожаллин а питанах ларве Ахь со. Масихь-Дажалан питанан вонах а ларве Ахь со].

**47-гlа хаттар:** Хьадис чекхдаллалц дlадешал. Аллахlан Элчано (Аллахlера салват, салам хуьлда цунна) аьлла: **«Нагахь муьлххачу а цхьамма дийнахь-бусий тlедеш долу шийтта ракаlат суннат-ламазаш дахь Аллахlан дуьхьа…**

**Жоп:** **…Аллахlа цунна ялсамани чохь цlа дугlур ду».**

**48-гlа хаттар:** Раватиб долу а, суннат долу а ламазаш дийцал?

**Жоп:**

- lуьйр-ламаз дале хьалха ши ракаlат ду;

- делкъ-ламаз дале хьалха диъ ракаlат, тlаьхьа ши ракаlат ду;

- маьркlаж-ламаз диначул тlаьхьа ши ракаlат ду;

- пхьуьйр-ламаз диначул тlаьхьа ши ракаlат ду.

**49-гlа хаттар:** Закатан къастам хlун бу дийцал?

**Жоп:** Билгалбинчу бахамна тlера билгалбинчу нахана билгалъяьккхинчу хенахь дlадала дезаш тlедиллина хьакъ ду иза.

**50-гlа хаттар:** Мархин къастам хlун бу дийцал?

**Жоп:** Иза – Аллахlана Iибадатдар ду, марха дохочу хlуманех ларваларца, сатасар доладелча тlера малх чубуззалц йолчу ханна, марха кхаба дина нигат а долуш.

**51-гlа хаттар:** Хьадис чекхдаллалц дlадешал. Аллахlан Элчано (Аллахlера салват, салам хуьлда цунна) аьлла: **«Нагахь цхьамма Рамазан-беттан деношкахь марханаш кхабахь…**

**Жоп: …Делах тешна а волуш, шена маьл хиларе сатесна а волуш, цул хьалха цо летийначу къиношна гечдийр ду».**

**52-гӀа хаттар:** ХьаьжаН къастам хӀун бу?

**Жоп:** Иза - Сийлахь-Везачу АллахӀана Ӏибадатдар ду - Цуьнан Дихкинчу ХьаьжцӀенна тӀе а вахана, цигахь билгалъяьхна йолу Ӏамалаш ярхьама, царна къастийначу хан чохь.

**53-гӀа хаттар:** Хьадис чекхдаллалц дӀадешал. АллахӀан Элчано (АллахӀера салват, салам хуьлда цунна) аьлла: **«Нагахь цхьамма хьаьж дахь АллахӀан дуьхьа, ша хьаьж дечу хенахь цо вон** [боьха хӀуманаш, зудчуьнца хуьлуш долчу гӀуллакхах дерг, муьлхха а кхидолу ирча] **къамел ца дахь, шегара къа а ца далийтахь…**

**Жоп: …шен къинойх дӀацӀанлур ву иза, нанас винчу дийнахь санна».**

**54-гӀа хаттар:** Иманан арканаш муьлханаш ю?

**Жоп:**

- АллахӀе имандиллар;

- Цуьнан маликашка имандиллар;
- Цуьнан жайнашка имандиллар;
- Цуьнан элчанашка имандиллар;
- эхартан дийне имандиллар;
- Делан къадаре имандиллар, цуьнах диканиг а, вониг а Сийлахьчу АллахІера ду аьлла.

**55-гІа хаттар:** Кхаа маликан цІерш яхал?

**Жоп:** Жабраил, Минкаил, Исрапил.

**56-гІа хаттар:** Стигалара диссийначу Жайнийн цІерш ягарьел, уьш хьаьнга диссийна ду а дийца?

**Жоп:**

1. Товрат – Мусана тІе доссийна ду;

2. Инжил – Ісана тІе доссийна ду;

3. Забур – Даудана тІе доссийна ду;

4. Тептарш (Сухьуфаш) – ИбрахІимна а, Мусана а тІе диссийна ду;

5. Къуръан – Мухьаммадна тІе доссийна ду.

**57-гIа хаттар:** Элчанех «улул-Iазм» («ният чIогIа дерш») аьлла, билгалбинарш муьлханаш бу?

**Жоп:**

1. Нухь,

2. ИбрахIим,

3. Муса,

4. Iиса,

5. Мухьаммад.

**58-гIа хаттар:** Бусалба стага дIавижале хьалха доьшуш долу «ал-Бакъара» («Етт») суратан чаккхенгара аяташ дешал?

**Жоп:**

285. Элчано [Мухьаммада] а, муъма-наха а иман диллина Делера цуьнга [элчане] доссийначуьнга [Къуръане]. Массара а иман диллина цара АллахIе а, Цуьнан маликашка а, Цуьнан Жайнашка а, Цуьнан элчанашка а. Цара [муъманаша] олу: «Къастамаш ца бо оха Цуьнан элчанашна юкъахь». Цара [элчано а,

муъманаша а] олу: «ЛадугІуш а ду тхо, муьтІахь а ду [тхо]! Хьан гечдар доьху Хьоьга, тхан Дела! Доьрзийла а Хьоьга ю-кха [тхан]».

286. АллахІа адамана тІе ца дуьллу цуьнан ницкъ цакхочург. Цунна дІахир ду - цо диннарг [диканиг]. Цунна дуьхал а дер ду - цо диннарг [воиниг]. [Муъманашна хьехна АллахІа, иштта доІа де Шега аьлла, – «Аш дехнарг дели Ас шуна» аьлла, царна жоп далархьама]: «Тхан Дела! Іазап ма лохьа тхуна, нагахь тхо дицделлехь я гІалат девллехь. Тхан Дела! Мохь ма биллахь тхуна тІе, Айхьа тхол хьалха хиллачарна тІе мабиллара. Тхан Дела! Хало ма ло Ахь тхуна, тхан и лан ницкъ хир боцу. Бехказадита Ахь тхо! Гечде Ахь тхуна! Къинхетам бе Ахь тхох! Хьо ву-кха тхан Доладийрг. ГІо дехьа тхуна, керста нахана тІехь толам баккха».

[АІу́зу билла́хІи минаш-шайтІа́нир ражи́йм. А́манар-расу́лу бима́ унзила илайхІи мир-раббихІи́ вал-муъмину́н, куллун а́мана билла́хІи ва мала́икатихІи́ ва кутубихІи́ ва русулихІ, ла́ нуфаррикъу байна ахьадим-мир-русулихІ, ва къа́лу́ самиІна́ ва атІаІна, гІуфра́нака

раббана́ ва илайкал-масы́р. Ла́ юкаллифулла́хlу нафсан илла́ вуслахlа́, лахlа́ ма́ касабат ва lалайхlа́ мактасабат, раббана́ ла́ туа́хизна́ ин-наси́на́ ав ахтlаъна́, раббана́ ва ла́ тахьмил lалайна́ исран кама́ хьамалтахlу́ lалал-лази́на мин къаблина́, раббана́ ва ла́ тухьаммилна́ ма́ ла́ тlа́къата лана́ бихl, ваlфу lанна́ вагlфир лана́ вархьамна́, анта мавла́на́ фансурна́ lалал-къовмил-ка́фири́н].

**59-гlа хаттар:** Къематде маца хlуттур долуш ду?

**Жоп:** Цуьнах дерг Аллахlехь ду, И воцчунна цхьанненна а хууш дац къематде маца хlуттур ду.

**60-гlа хаттар:** «Дарул-карамахl» («Сийлаллин хlусам») муьлханиг ю?

**Жоп:** Ялсамани ю.

**61-гlа хаттар:** Ялсаманин неlарш маса ю?

**Жоп:** Ялсаманин бархl неl ю.

**62-гlа хаттар:** Муъманашна шайн Дела маца гур ву?

**Жоп:** Уьш ялсамани чу бахча гур ву.

**63-гӀа хаттар:** Муьлха Ӏамал ю уггаре а дукха нах ялсамани буьгун ерг?

**Жоп:** АллахӀах кхерар а, хаза гӀиллакхаш а ду.

**64-гӀа хаттар:** «Дарул-Ӏазаб» («Ӏазап лун долу меттиг»), «Дарул-махӀанахӀ» («Сийсазбен йолу меттиг») муьлханиг ю?

**Жоп:** ЖоьжагӀати ю.

**65-гӀа хаттар:** ЖоьжагӀатин неӀарш маса ю?

**Жоп:** ЖоьжагӀатин ворхӀ неӀ ю.

**66-гӀа хаттар:** «Ихьсан» бохург хӀун ду?

**Жоп:** Ахь АллахӀна Ӏибадатдар ду, хьайна И гуш волуш санна. Нагахь хьайга, хьайна И гуш волуш санна, ца далахь, Цунна хьо гуш вуй хууш дар.

**67-гӀа хаттар:** Нахах шена уггаре а дика хила хьакъ верг мила ву?

**Жоп:** Да-нана ду.

**68-гIа хаттар:** Хьайн дена-нанна доIа дан лиъча, хIун дешнаш ала деза ахь?

**Жоп:** Сан Дела! Гечде Ахь суна а, сан дена-нанна а. Цаьршиннах къинхетам а бе Ахь, цаьршимма жима волуш со кхиа ма-варра.

[АллахIуммагI-фирли́ валива́лидаййа, раббирхьамхIума́ кама́ раббайа́ни́ сагIи́ра́]

**69-гIа хаттар:** АллахIана уггар дукха езаш йолу Iамалш муьлханаш ю?

**Жоп:** Шен хеннахь дина ламаз ду, цул тIаьхьа - дена-нанна дика хилар ду, цул тIаьхьа - АллахIан новкъахь жихIад дар ду.

**70-гIа хаттар:** Сийлахь-Везачу АллахIана гергахь нахах уггар сийлахь лоруш верг мила ву?

**Жоп:** Нахана юкъара Делах сов кхоьруш верг ву. Ткъа нахана юкъахь уггаре а чIогIа Делах кхоьруш хилларг АллахIан Элча ву (АллахIера салават а, салам а хуьлда цунна).

**71-гIа хаттар:** Хьан лараме Жайна муьлха ду?

**Жоп:** Сийлахь Къуръан ду.

**72-гӀа хаттар:** Сийлахьчу Къуръан чохь маса жуз ду?

**Жоп:** Къуръан чохь ткъе итт жуз ду.

**73-гӀа хаттар:** Къуръан дешале хьалха хӀун до ахь?

**Жоп:** Цкъа дуьххьара ламаз оьцу ас, цул тӀаьхьа АллахӀе со ларвар доьху ас, «аӀýзу биллáхӀи минаш-шайтӀáнир-ражи́м» олий.

**74-гӀа хаттар:** Ларвар доьхуш доьшурш муьлха ши сурат ду? Дешал и шиъ?

**Жоп:**

**1. Сурат «ал-Фалакъ» («Садаржар»)**

Къинхетамечу а, Къинхетамбечу а АллахӀан цӀарца!

1. Ала [хӀай, Пайхамар]: «ГӀо лоьху ас садаржочу Делера -
2. Цо кхоьллиначу вонах ларвалархьама,
3. [иштта буьйсанан] боданан вонах а, и булучу хенахь,

4. бозбуунчийн вонах а, [шаьш динчу] шеддаш тӀе хӀуп бохучу,
5. хьогӀанчин вонах а, цо хьагӀ лаьцначу хенахь».

[АӀу́зу биллахӀи минаш шайтӀа́нир ражи́йм. БисмиллахӀир рахьма́нир рахьи́йм. Къул аӀу́зу бираббил фалакъ. Мин шарри ма́ халакъ. Ва мин шарри гӀа́сикъин иза́ вакъаб. Ва мин шарриннаффа́са́ти фил Ӏукъад. Ва мин шарри хьа́сидин иза́ хьасад]

**2. Сурат «ан-Нас» («Адамаш»)**

Къинхетамечу а, Къинхетамбечу а АллахӀан цӀарца!

1. Ала [хӀай, Пайхамар]:: «ГӀо лоьху ас адамийн Элера [АллахӀера],
2. адамийн Паччахьера [АллахӀера],
3. адамийн Делера [АллахӀера],
4. зуламе ойланаш а туьйсуш, [АллахӀ хьахочу хенахь] къайладолучуьнан [шайтӀанан] вонах ларвалархьама,
5. адамийн дегнаш тӀе хӀус дечу,
6. Жинех а, адамех а долчу».

[АӀу́зу биллахӀи минаш шайтӀа́нир ражи́йм. БисмиллахӀир рахьма́нир рахьи́йм. Къул хӀуваллахӀу

ахьад. АллахIуссамад. Лам йалид ва лам ю́лад. Ва лам йакуллахIу́ куфуван ахьад].

**75-гIа хаттар:** Сийлахьчу Къуръан чуьра уггар а деза аят муьлхарг ду? Дешал иза?

**Жоп:** Аятул-курсий ду («ал-Бакъара»: 255).

«АллахIу ла́ ила́хIа илла́ хIувал хьаййул къаййу́м, ла́ таъхузухIу́ синатуввала́ навмун, лахIу ма́ фиссама́ва́ти ва ма́ фил арди, манзаллази́й йашфаIу IиндахIу илла́ биизнихIи, йаIламу ма́ байна айди́хIим ва ма́ халфахIум, ва ла́ йухьи́тIу́на бишай-им мин IилмихIи́ илла́ бима́ ша́ъ, васиIа курсиййухIуссама́ва́ти вал арда, ва ла́ йау́духIу́ хьифзухIума́, ва хIувал Iалиййул Iази́йм».

[АллахI – кхин Дела вац, И воцург, [Ша даиманна] дийна волу, [Шен Iуналлица дахар] латтош волу. Ца лоцу И я набъозоро а, я набаро а [я Наб а ца озайо Цунна, я наб а ца кхета Цунна]. Цуьнан ду стигалшкахь мел дерг а, лаьттахь мел дерг а. Мила ву, ткъа, Цунна хьалха гIо даккха [шапаIат дан] гIертан верг, Цуьнан пурба а доцуш? Царна хиндерг а, церан дIадахнарг а хаьа Цунна. Ткъа Цуьнгарчу Iилманах царна ца хаьа хIумма а,

Цунна лиъанарг бен. Цуьнан курс ю стигалш а, латта а чулоцуш [йоккха]. Я Цунна хало а ца йо уьш [стигалш а, латта а] Iалашъяро. Лекханиг, Сийлахь-Вокханиг ву И].

**76-гIа хаттар:** Хьадис чекхдаллалц дIадешал. АллахIан Элчано (АллахIера салват, салам хуьлда цунна) аьлла: **«Нагахь цхьамма аятул-курсий дешахь, хIоразза а ша ламаз дина мосазза волу…**

**Жоп:** **…цунна ялсамани чу ваха цхьана а хIумано еш новкъарло яц, валар [Iожалла тIекхачаза хилар] доцчо».**

**77-гIа хаттар:** Къуръан чуьра уггар а деза сурат муьлхарг ду? Дешал иза?

**Жоп:** «ал-Фатихьа» («Жайна схьадоьллург») цIе йолу сурат ду.

1. Къинхетамечу а, Къинхетамбечу а АллахIан цIарца!
2. Хастам бу АллахIана - Iаламийн Далла,
3. Къинхетамечу, Къинхетамбечу,
4. къематан дийнан да Ша волчу!
5. Iибадат а Хьуна цхьанна до оха, гIо а Хьоьгара цхьаьнгара лоьху [оха].
6. Нийсачу новкъа нисде Ахь тхо,

7. Айхьа дикадиначеран новкъа, Хьайн оьгӀазло хиллачарех а, нийсачу некъах тиллачарех а боцучеран.

[ӀАӀу́зу биллахӀи минаш шайтӀа́нир ражи́йм. БисмиллахӀир рахьма́нир рахьи́йм. Алхьамду лилла́хӀи раббил Ӏа́лами́н. Ар-Рахьма́нир-Рахьи́м. Ма́лики йавмидди́н. Иййа́ка наӀбуду ва иййа́ка настаӀи́н. ИхӀдинас-сыра́тӀал-мустакъи́м. Сыра́тӀал лази́на анӀамта ӀалайхӀим гӀойрил-магӀду́би ӀалайхӀим ва ладдо́лли́н].

**78-гӀа хаттар:** Сийлахьчу Къуръан чуьра уггар а деха сурат муьлхарг ду?

**Жоп:** «ал-Бакъара» («Етт») цӀе йолу сурат ду.

**79-гӀа хаттар:** Сийлахьчу Къуръан чуьра уггар а доца сурат муьлхарг ду?

**Жоп:** «ал-Кавсар» («Шорто») цӀе йолу сурат ду.

Къинхетамечу а, Къинхетамбечу а АллахӀан цӀарца!
1. [ХӀай, Пайхамар!] Оха шортта диканаш делла

хьуна [царех цхьаъ – ялсаманера шовда ду, «Кавсар» цIе а йолуш].
2. Цундела хьайн Далла ламазаш де, гIурба де.
3. Боккъалла а, хьо цавезарг ша хир ву хьуна тIаьхье йоцуш.

**80-гIа хаттар:** Къуръанан кхоалгIачу декъаца нислуш долу сурат муьлханиг ду?

**Жоп:** «ал-Ихлас» («[Динан] цIоналла») цIе йолу сурат ду.

Къинхетамечу а, Къинхетамбечу а АллахIан цIарца!
1. Ала [хIай, Пайхамар!]: «И – АллахI - Цхьаъ ву,
2. Шех тоам болу АллахI ву.
3. Цуьнах ваьлларг вац [я Цуьнан доьзалхо вац]. Ша цхьаьннах а ваьлла вац И [АллахI].
4. Цуьнца нисвала хилла а вац цхьа а [я Цуьнан цIершкахь а, я Цуьнан куьцашкахь а, я Цуьнан белхашкахь а]».

[АIýзу биллахIи минаш шайтIáнир ражи́йм. БисмиллахIир рахьмáнир рахьи́йм. Къул аIýзу бираббиннáс. Маликиннáс. ИлáхIиннáс. Мин шаррил

васва́сил ханна́с. Аллази́ йувасвису фи́ суду́ринна́с. Минал жиннати ванна́с].

**81-гӀа хаттар**: ХӀара сурат чекхдаллалц дӀадешал:

Къинхетамечу а, Къинхетамбечу а АллахӀан цӀарца!
1. Ас дуй буу малхбузан хенах!
2. Боккъалла а, хӀора адам эшамехь ду...

**Жоп:** 3. Делах тешна, диканаш дина, вовшашна бакъдерг хьехна, вовшашна собар хьехна боцурш.

[«ал-Ӏаср» («Малхбузан хан»)]

**82-гӀа хаттар:** ГӀиллакххех уггаре хаза а, деза а лоруш дерг муьлханиг ду?

**Жоп:** Бакълер ду.

**83-гӀа хаттар:** Уггаре ирча а, вон а лоруш йолу амал муьлханиг ю?

**Жоп:** Харцлер (аьшпаш боттар) ду.

84-гӀа хаттар: Хьадис чекхдаллалц дӀадешал. АллахӀан Элчано (АллахӀера салват, салам хуьлда цунна) аьлла: **«Шух цхьа а кхоччуш иман диллина хир вац, цунна деззалц...**

**Жоп: ...шен вешина а шена деззарг».**

**85-гӀа хаттар:** Хьан мостагӀ мила ву?

**Жоп:** Дала Шех даьккхина долу шайтӀа ду.

**86-гӀа хаттар:** Муьлхачу хенашкахь деха дезаш ду АллахӀе, Цо Шен къинхетамах а даьккхина, эккхийначу шайтӀанах ларвар?

**Жоп:**

- Къуръан деша волалуш а;
- хьаштагӀане воьдуш а;
- оьгӀазвахча а;
- шайтӀано дагчу вон хӀуманаш тийсича а;
- вир Ӏоьхуш хезча а.

**87-гӀа хаттар:** Дегнийн цамгарех уггаре а кхерамениг муьлханиг ю?

**Жоп:** Мунепакъалла ю.

**88-гIа хаттар:** Мунепакъашна уггаре а хала хуьлуш долу ламаз муьлханиг ду?

**Жоп:** Iуьйра а, пхьуьйра а ламазаш ду.

**89-гIа хаттар:** Хьадис чекхдаллалц дIадешал. АллахIан Элчано (АллахIера салват, салам хуьлда цунна) аьлла: **«Мунепакъан билгалонаш кхоъ ю: къамел дечу хенахь харцдерг дийцар а...**

**Жоп:** **...ша йина баIда йохор а, тешшийтина, Iехор а».**

**90-гIа хаттар:** Адамана уггаре а кхераме ерг хIун ю?

**Жоп:** Мотт бу.

**91-гIа хаттар:** Хьадис чекхдаллалц дIадешал. АллахIан Элчано (АллахIера салват, салам хуьлда цунна) аьлла: **«Стеган бусалбаналла дика хиларан билгалонех ду...**

**Жоп:** **...цо шен бала боцург Iаддадитар».**

**92-гIа хаттар:** Сийлахь-Везачу АллахIана уггар а дукхадезаш долу къамел муьлханиг ду?

**Жоп:** ХIара дешнаш ду: «СубхьаналлахIи, валхьамдулиллахIи, ва лаилахIа иллаллахIу, валлахIу акбар».

[АллахI тIехцIена ву. Берриг хастам а АллахIана бу. АллахI воцург, кхин Дела а вац. АллахI массо хIуманал воккха а ву].

**93-гIа хаттар:** Ялсаманин хазна муьлханиг ю?

**Жоп:** ХIара дешнаш ю: **«Ла́ хьавла ва ла́ къуввата илла биллахI».**

[Ницкъ а, гIора а дац АллахI воцчуьнан].

**94-гIа хаттар:** Хьадис чекхдаллалц дIадешал. АллахIан Элчано (АллахIера салват, салам хуьлда цунна) аьлла: **«Ши дош ду, маттана ала атта а долуш...**

Жоп: **...мизан-терзанна тIе диллича, деза а хир**

**долуш, Къинхетамечу АллахIана дукхадезаш а долуш: «Субхьáналлáхlи вабихьамдихlи, субхьаналлáхlил-lазúм»**

[Сийлахь-цIена ву АллахI, хастам а бу Цунна! Сийлахь-цIена ву Воккха АллахI].

**95-гIа хаттар:** АллахIе гечдар дехарехь эла-доIа дешал?

**Жоп:** Гечдар дехаран доIанийн эла - лайно хIара дешнаш алар ду: «Аллáхlумма анта раббú лá илáхlа иллá анта, халакътанú, ва ана lабдука,ва ана lалá lахIдика ва ваIдика мастатIаIту, аIýзу бика мин шарри мá санаIту, абý-у лака биниIматика lалаййа, ва абý-у бизанбú фагIфирлú, фаиннахly лá йагIфируз зунýба иллá анта».

**[Я АллахI! Хьо - сан Дела ву. Хьо воцург, кхин дела а вац. Ахь кхоьллина со, ткъа со - Хьан лай ву. Сайн ницкъ мел бу Хьан lахIданний, ваIданний тIехь хир ву со. Со ларве Ахь ас диначу вонах! Со къера ву Ахь сайна диначу диканна а, къера ву со сайн къинна а. Гечдехьа суна, хIунда аьлча, боккъалла а, къиношна**

**гечдийрг вац-кха Хьо бен!]**

**96-гӀа хаттар:** ДӀавижале хьалха хӀун олу ахь?

**Жоп:** ХӀара дешнаш олу: «Бисмикал-ла́хӀумма аму́ту ва ахьйа́».

**[Я АллахӀ, Хьан цӀарца лан а ле со, Хьан цӀарца ден а ло со].**

**97-гӀа хаттар:** Набарх самаваьлча хӀун олу ахь?

**Жоп:** ХӀара дешнаш олу: «АлхьамдулиллахӀил-лази́й ахьйа́на́ баӀда ма́ ама́тана́ ва илайхӀин-нушу́р».

**[Хастам бу АллахӀана, вай дендина волчу деллачул тӀаьхьа. Цуьнга доьрзур долуш а ду вай].**

**98-гӀа хаттар:** Ислам-динехь маршалла хаттаран кеп муха ю?

**Жоп:** ХӀокху кепара ю: «Ассаламу Ӏалайкум варахьматуллахӀи ва баракатухӀ».

**99-гIа хаттар:** Бусалба стага юург муьлхачу куьйга яа еза, мерг муьлхачу куьйга мала деза?

**Жоп:** Аьтто куьйга яа а еза, аьтто куьйга мала а деза.

**100-гIа хаттар:** «БисмиллахI» («АллахIан цIарца») муьлхачу меттигашкахь олу ахь?

Жоп:

- яале, малале хьалха а олу;
- хьаштагIа чу вахале хьалха а олу;
- маьждиг чу волуш а олу;
- маьждигера араваьлча а олу;
- тIера хIуманаш дIаяхале а олу.

**101-гIа хаттар:** «АлхьамдулиллахI» («Хастам бу АллахIана») муьлхачу меттигашкахь олу ахь?

**Жоп:**

- хIума йиъна ваьлча а, молуш ерг мелла ваьлча а;
- хьоршам тоьхчул тIаьхьа а;

- муьлхха дика тӀедеъча а;
- массо хьолехь а.

**102-гӀа хаттар:** Хьоршам а тоьхна, цул тӀаьхьа «алхьамдулиллахӀ» аьллачуьнга хӀун олу ахь?

**Жоп:** ХӀара дешнаш олу: «Йархьамукалла́хӀ» («АллахӀа къинхетам бойла хьох»).

**103-гӀа хаттар:** Айхьа хьоршам тоьхначул тӀаьхьа, хьайга «йархьамукаллахӀ» аьллачуьнга хӀун олу ахь?

**Жоп:** ХӀара дешнаш олу: «ЙахӀди́кумулла́хӀу ва йуслихьу ба́лакум».

[АллахӀа нийсачу новкъа а нисдойла шу, хьал а тодойла шун].

**104-гӀа хаттар:** Хьадис чекхдаллалц дӀадешал. АллахӀан Элчано (саллаллахӀу Ӏалайхӏи ва саллам) аьлла: **«АллахӀа Шена дика дан лиъначунна...**

**Жоп:** **...динах кхетар ло».**

**105-гӀа хаттар:** Сийлахь-Везачу АллахӀана уггар а дукхаезаш йолу меттигаш муьлханаш ю?

**Жоп:** Маьждигаш ду.

**106-гӀа хаттар**: КӀиранан денойх уггар а дезаниг муьлханиг де ду?

**Жоп:** ПӀерасканан де ду.

**107-гӀа хаттар**: Шеран денойх уггар а деза де муьлханиг ду?

**Жоп:** «Ӏарафат» де ду.

**108-гӀа хаттар:** Шеран буьйсанех уггар а еза буьйса муьлханиг ю?

**Жоп:** «Лайлатул-къадр» олу буьйса ю.

**109-гӀа хаттар:** Беттанех уггар а безаниг муьлханиг бу?

**Жоп:** Рамазан-бутт бу.

**110-гӀа хаттар:** Ислам-динехь дезденош муьлханаш ду?

**Жоп:** Марха досту де а, гӀурбанан де а ду.

**111-гӀа хаттар:** «Бакъ халифаш» олуш берш муьлханаш бу?

**Жоп:**
1. Абу Бакр Сиддикъ.
2. Ӏумар ибн ал-ХӀаттӀаб.
3. Ӏусман ибн Ӏаффан.
4. Ӏали ибн Абу ТӀалиб.

АллахӀ реза хуьлда царна массарна а!

ХӀокху тӀехь чекхдовлу хаттарш а, хаттарийн жоьпаш а.

Хастам бу АллахӀана хьалха а, тӀаьхьа а!

АллахӀера салават хуьлда вайн пайхамарна Мухьаммадна а, цуьнан доьзална а, цуьнан берриге асхьабашна а!